# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–19 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने अपने संसदीय क्षेत्र वाराणसी अइहें। उनके अइले से जुड़ल तैयारी पूरा कइ लिहल गइल हवे। सुरक्षा क कड़ेर इंतेजाम के सथहीं यातायात व्यवस्थवों बदलल गइल हवे।

***प्रधानमंत्री जी के कल आगमन को लेकर के पुलिस ने सिक्योरिटी के पुख्ता इंतजाम किये है।। कई लेयर की सुरक्षा व्यवस्था यहां पर की गयी है। एक तरफ जहां एसपीजी के जवान तैनात रहेंगे, उसके बाद हमारी पुलिस का घेरा रहेगा, जिसमें लगभग पचास आईपीएस अफसर यहां पर लगाये जा रहे हैं और करीब आठ से नौ हजार के आसपास पुलिसकर्मी इसमें तैनात रहेंगे। एटीएस के कमांडोज तैनात रहेंगे, ड्रोन कैमरा, सीसीटीवी के माध्यम से हम लोग चप्पे–चप्पे की निगरानी करेंगे। ट्रैफिक की इस तरह से व्यवस्था की गयी है कि जो रैली में लोग आ रहे हैं उनको दो सौ मीटर से ज्यादा न चलना पड़े। डायवर्जन भी इस प्रकार से ट्रैफिक के किये गये हैं कि आम नागरिकों को किसी भी तरह की असुविधा न हो, कहीं पर ट्रैफिक जाम न हो।***

ओहीं प्रधानमंत्री के बनारस अइले के मौका पर आजु नमामी गंगे संस्था सिंधियाघाट पर गंगा आरती के सथहीं घाटन पर सफाई कई के स्वच्छता क सनेसा दिहलस। ओहर प्रधानमंत्री के हाथ से सम्पूर्णानंद स्पोर्टस कॉम्पलेक्स के तीसरका चरण के उद्घाटन के लेके खेलाड़ियन में खासे उच्छाह बाटे।

पद्मश्री अउर अर्जुन पुंरस्कार विजेता बास्केटबॉल खेलाड़ी प्रशांति सिंह कहलिंन कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पूर्वांचल के सथहीं उत्तर भारत के खेलाड़ियन के स्पोर्टस कॉम्पलेक्स के रूप में एगो बड़हन सौगात दीहें। उहां के कहलीं कि नवंबर दुइ हजार बीस में वर्चुअल संवाद में उहां के प्रधानमंत्री से खेलि के बढ़ावा देवे बदे बनारस मे स्पोर्टस कॉम्पलेक्स क मांग कइले रहली, जवन चार सालि के भीतरे पूरा हो गइल। स्पोर्टस कॉम्पलेक्स में नेशनल सेंटर ऑफ एक्सीलेंस के सथहीं एक सौ अस्सी बेड क हॉस्टल, एथलेटिक ट्रैक, फुटबॉल अउर क्रिकेट मैदान के सथही लॉन टेनिस कोर्टो क सुविधा बाटे।

**********

प्रदेस क नौ विधानसभा सीटिन पर होखे वाले उप चुनाव के बारे में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में दुन्नो उप मुख्यमंत्री, जिलन क प्रभारी मंत्री अउर संगठन के पदाधिकारियन के साथे बइठकी कइलें। येह दौरान उप चुनाव के बारे में रणनीति तइयार कइल गइल। बइठकी में मुख्यमंत्री सज्जों नौ सीटिन पर उप चुनाव जीते बदे मंत्रियन अउर पदाधिकारियन के जिम्मेवारियों तय कइलें। श्री योगी पारटी नेता, लोगिन अउर कार्यकर्ता लोगिन के बूथ स्तर ले चुनाव प्रबंधन के मजबूती से सम्हरले क निरदेस दिहलें।

**********

प्रदेस के नौ विधानसभा सीटिन पर होखे वाले उप चुनाव क अधिसूचना काल्हि लागू भइले के बाद से परचा लिहले क सिलसिल सुरू हो गइल बाटे। आजु मिर्जापुर जिला के मंझवा विधानसभा क्षेत्र बदे दस लोगि कुलि बाइस परचा लिहलें। परचा भरले क अंतिम तारीख पच्चीस अक्टूबर हवे, जबकि नाव वापसी तीस अक्टूबर ले कइल जा सकी। तेरह नवंबर के ओट परी।

**********

भारतीय जनता पार्टी के सक्रिय सदस्यता अभियान के जरिए मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु फेर से पार्टी क सक्रिय सदस्यता लिहलें। मुख्यमंत्री येह अभियान में सामिल होके खुसी जतावत सोसल मीडिया पोस्ट के जरिए कहलें कि ऊ दुनिया क सबसे बड़हन राजनीतिक दल के सदस्य के रूप में गर्व महसूस कइ रहल हउवें। उहां के येह मौका पर अपने सज्जों समरथकन अउर कार्यकर्ता लोगिन से अपील कइलीं कि उहो लोगि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में सुरू भइल येह महत्वपूर्ण अभियान से जुड़े। उहां के कहलीं कि ई अभियान खाली पार्टी के मजबूते नाही करी बलुक **एक भारत–श्रेष्ठ भारत** के संकल्प के साकार कइलहू में सहायक होई।

**********

प्रदेस के बरिस दुई हजार पचीस–छब्बीस के बजट के लेके तैयारी सुरू हो गइल बाटे। बजट अनुमान के तैयार कइले के बारे में वित्त अनुभाग सासनादेस जारी कई दिहले हवे। बजट भासण के तैयारी खातिर विभागन से अधिकतम पांच बिन्दु मांगल गइल हउवे। येह में सरकार के नीतियन, प्राथमिकता, फ्लैगशिप योजना, उल्लेखनीय उपलब्धियन अउर नया योजना क खास तौर से उल्लेख करे के कहल गइल हवे।

**********

भारतीय वायु सेना के बानबेवीं वर्षगांठ के मौका पर आजु कानपुर वायु सेना स्टेसन में आयोजित समारोह में वायु सेना क सांरग हेलीकॉप्टर डिस्प्ले एरोबेटिक टीमि अपने प्रदर्शन से हर केहू के रोमांचित कइ दिहलस। येह दौरान एरोबेटिक टीमि क पायलट लोगि युद्ध–अभ्यासो कइलें। कार्यक्रम के दौरान ग्रुप कैप्टन अरूण कुमार जुनेजा के सथहीं भारतीय वायु सेना क कइ गो अधिकारी मौजूद रहलें।

**********

सुल्तानपुर में दुर्गा पूजा के अनूठा परंपरा के तहत एक दिन पहिले सुरू भइल दुर्गा प्रतिमा के सोभा यात्रा के बादे आजु मूर्ति विसर्जन के साथे पनरह दिन से चलि रहल दुर्गा पूजा महोत्सव क समापन हो गइल। एक सौ पचपन दुर्गा प्रतिमा के विशाल शोभा यात्रा क श्रद्धालु लोगि जगहि–जगहि स्वागत कइले के सथहीं पूजा अर्चना कइलें। येह दौरान कई गो राज्यन से आइल लोक कलाकार, लोगि सोभायात्रा में नृत्य कइलें अउर नाटक खेलले।

**********